АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№33 (10027)
РУЗМАН
12 август
2022 сон
14 МУХIАРРАМ

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

# Гъакъадерил ахихъабазе шапакъатал

**Араб анкьил хамиз къоялъ гъакъадерил ахихъабазе ДРялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул шапакъатал кьезе мурадалда, гьенире щвана росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачев ва редакциялъул хIалтIухъаби.**



МаламухIамад ХIажиевасул цехалда

Амма гьеб суал тIубазелъун, СПК «Адаб»алъул нухмалъулев МаламухIамад ХIажиевас рагьун буго гьитIинабго цех. Куракудул сокалги компоталги рукIана гьес республикаялъул фестиваладе рачIун. Цехалъе босун буго кинабго хIажатабщинаб ва жиндирго ахикьа бакIарараб пихъил консервал хIадурулел руго гьес.

КIиабилеб соналъ тIатIала «Бищун кIудияб ахбазан» къецазда фестивалалъул 1-себ бакIалде бачIана Увайс ГьитIиновасул курак. БатIи-батIиял сортазул ахбазан гуребги цIакъ тIагIамаб микьиралъул гъутIбиги ругел гьесул ахикь.

Киналго рехсарал ахихъабазе министерствоялъул шапакъаталги, райадминистрациялъул рахъалдаса гIарцулал сайгъаталги кьуна.

«Меседил ахбазан» фестивалалда лъикIаб гIахьаллъи бихьизабуралъухъ, нилъер районалде цо чанго шапакъат бачIана министерствоялъул. Гьезулъ букIана районалъул бетIер МухIамад ХIасановасе Баркалаялъул кагъатги, районалъ бихьизабураб жигарчилъиялъухъ ва берцинлъиялъухъ.

Гьеб фестивалалде ахбазаналъул батIи-батIиял тайпаби гурелги, жиндирго теплицаялда гIезабураб цIибилги бачIун букIана Сиражудин МухIамадовас. ЛъикIаб къимат кьуна гьесул цIолбой ДРялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас. ТIоцебе хIалбихьулеб бугин жиндица июлалъул байбихьудаго магIарухъ гIезабураб цIолболин тамашалъун вукIана гьев. Унголъунги цIакъ жигарчилъиялда, ракьалде ва росдал магIишаталде кIудияб рокьигун гьабулеб буго Сиражудиница жиндирго хIалтIи. ЦохIо къварилъи буго гьесул росдал нигIматал учузаб багьаялде рукIин ва ричизе санагIалъаби гьечIолъи.




Сиражудин МухIамадовасухъ гьоболлъухъ

Гьеб суал Сиражудинил гуребги гIемериселго ахихъабазул исана «унтараб бакI» ккана. Пихъил бачIиналъул гIемерлъиялъ, гьелъул багьаги гIодобе ккана ва хадубккунисеб хIалтIизабиялъе босулеб бакI гьечIолъиялъ хвезеги хутIана.(Гъакъадерил завод хIалтIуларелдаса цо чанго сон бугеблъидал).

Туристазул маршруталъул нухда Гьолокь росу букIиналъ, гьезул жамагIаталъе рес буго гьалбал къабул гьаризе ва туристическияб рахъалъги жидеего бетIер-бахъи гьабизе. Гьелда сверун хIалтIи гьабулел предпринимателалги руго гъакъадерил. Гьезул нижеца бицина хадусел репортажазда.

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

■ ЛЪАЗАБИ

## ЛъикIал малъа-хъваял щвезе рес буго

15 августалъ нилъер районалде рачIунел руго республикаялъул больницабаздаса махщел камилал тохтурзаби.

Жидерго унтабазул суалал кьезе рес буго хадусел специалистазе: терапевт, невролог, гастроэнтеролог, акушер-гинеколог, техник-дозиметрист, инфекционист, эпидемиолог, эндокринолог. 15-17 августалъ райполиклиникаялда гьез къабул гьаризе руго унтарал.

**Шамил ЦРБ**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIебда кIудияб мажлис

*Цо лъие бугониги хасаб лъикIлъи ва баракат кьезе бокьидал, Аллагьас гьесие диналъул бичIчIи кьолила.*

**(Аварагасул хIадис)**

**БухIараб бакъул къоялдаса хадуб чвахун бараб цIадалъ гIадин, гьогьом гьаруна ракIал арал гIодоркъояз ХIебда тIобитIараб баракатаб тадбиралъ.**




Щибаб шамат къоялъ ДРялъул муфтияталъул вакилзабаз, цIар рагIарал гIалимзабаз дагIваталъулал сапарал рухьуна батIи-батIиял районазде. Ирагдулаб сапаргун гьел щвана нилъер районалдеги. 6 августалъ М.ГьитIиновасул цIаралда бугеб хIухьбахъиялъул паркалда тIобитIана кIудияб республикаялъулаб мажлис.

Тадбиралда гIахьаллъана жиндир баракат щваяв ЧIикIаса СагIит-афандил (къ.с.) вас, шаргIиял гIелмабазул доктор ГIабдула Ацаев, Казбек районалъул имам Казим-хIажи Темирбулатов, машгьурав гIалим КъурамухIамад-хIажиясул вас, шаргIиял гIелмабазул доктор МухIамадгIариф Рамазанов, Шамил районалдаса тIоцевесев шаргIиял гIелмабазул доктор КъахIиса МухIаммад МухIамадов, хIафиз-ГIасаса Шамил ХIасанов.

Гьединго, мажлисалда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, районалъул имам МухIамад ГIарипов, гьесул кумекчи ХIабибула МухIамадов ва цогидал росабазул имамзаби.

Мажлис рагьана нухда бачана Казим-хIажи Темирбулатовас.

МашаАллагь, мажлисалде рачIараз занкIун цIун букIараб паркалда гIодор чIолел бакIал гурелги, тIадеги гIодор тIансаби тIамун рукIана зияратчагIи. ГIисинал, чIахIиял, херал батIалъи гьечIого, тIолго районалъул росабалъа халкъ гьулчун карачел гIадин, щвана гьеб къоялъ райцентралде.

ГIемерал жакъа къоялъ кIвар бугел суалаздасан бичIчIи кьурал, кутакал вагIзаби ва насихIатал гьаруна хIурматиял гьалбадерица. Мажлисалда бицана гьаб заманалъ гIемер ригьнал рихьиялъул, ихIсаналъул кIваралъул, гIурус ракьалдаса Дагъистаналде чвахулел ругел туристаздехун букIине рекъараб гьоркьоблъиялъул ва цогидалъул.

**(Ахир 2-леб гьум.)**



■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ХIебда кIудияб мажлис



**(Байбихьи 1-себ гьум)**

- Дие бокьун буго жакъа щивасул батIи-батIияб пикруги, бербалагьиги бугел гьал туристазда хурхун цо дагьабго бицине. Нилъер ракьги берцин бихьун, нилъехъе щварал гьалбал -туристаздехун цо-цояз ретIелхьит ва цогидаб сабаблъун цIакъ рекъечIеб гьоркьоблъи гьабулеб буго. Унголъунго, гьеб цо берцин бихьилареб жо буго, амма нилъеда щибаб ишалъул бихьизе ккола лъикIаб рахъ. Гьел туристал нилъехъе хьвадиялъулъги буго гIезегIан «плюсал». Метерисеб къоялъ Аллагьас нилъее суал кьуни, Сибиралдасаги Чукоткаялдасаги дица духъе рачаразда щиб дуца бицараб исламалъул рахъалъ? Щиб дагIват дуца гьабураб? Бусурманчиясул кинаб рахъ дуца гьеда бихьизабураб?! Жакъа нилъ гьезда хъачIго кIалъан, нижер мажгиталъе ваккугеян ва цогидал гьелда релълъараб хабар бицани, жиндирго ракьалде вуссараб мехалъ, гьес цо нилъ гуроха какизе ругел, нилъер дин какизе буго, тIолго бусурбаби какизе руго! Нилъее рес кьун буго Аллагьас цогIайги капурчи битIараб нухде вачиялъе сабаблъун ккезе. Хабаралдалъун ислам бичIчIизабизе ва бихьизабизе лъугьунге. ГIамалалдалъун бихьизабе ислам! Берцинаб хьвадиялдалъун ва сабруялдалъун бихьизабе ислам! ЛъикIаб гьоболлъиялдалъун бихьизабе ислам! АбичIого гIолареб иш бугони, хъачIго кIалъаге, абе берцинго, хIеренго. Нилъер диналъ бусурманал ругониги, ялъуни капурзаби ругониги, батIалъи гьечIого щивав чиясул адаб-хIурмат гьабизе тIалъун буго нилъеда. Нилъ сабаблъун ккун, Аллагьас цогIайги чи битIараб нухде ккезаруни, гьеб нилъее тIолго дунялалдасаги, гьаниб бугебщиналдасаги лъикIаб буго. Биччанте тIокIалъ гьел цере гIадин хиджаб чIварал руччабаздасаги хIинкъунгутIизе, тIокIалъ Дагъистаналъул цIар экстремизмалда ва терроризмалда аскIоб рехсонгутIизе. Исламалъул берцинлъи бихьизабе, хириял диналъул вацал ва яцал, ва гьаре Аллагьасде гьеб халкъ битIараб нухде- исламалде бачеян,- абун кIалъай гьабуна жиндирго цевевахъиналда КъахIиса МухIаммад МухIамадовас.

ТIаде щолеб ГIашура къоги баркун, иман лъеялъул, ихIсан ва ислам цIуниялъул бицун цIакъ лъикIаб вагIза гьабуна ГIабдула-хIажи Ацаевас. Гьаракьги, чвахун бицунеб вагIза –хабарги жиндирго инсуда, СагIитафандида (къ.с.) релълъарав, гIелмуялда рекъараб гIамал Аллагьас жиндие кьурав, ГIабдула-хIажил цевевахъиналда гIемерал рукIана бералъ магIу ккезе кIвечIел.

Хъизам бихьиялъул, гьелда гьоркьоб мацI-хабар гьабуразе бугеб кIудияб мунагьалъул, маслихIаталъе гурого кIалъазе бегьуларел бусурманчагIазда гьеб рахъалъ гьабизе тIадаб хIалтIиялъул бицана МухIамад-гIариф Рамазановас.

ГIалимзабазул цевевахъиназда гьоркьоб хIафиз Шамилица берцинаб гьаракьалъ цIаларал Къуръаналъул аятаз гIенеккарал хIайран гьарун рукIана.

Радалалдаса нахъе къадекак ахIизегIан гьабураб мажлис лъугIигун, киналго гIахьалчагIазе кьуна къадеквен. Щуазарго зияратчиясе хIисабалде босун хIадурун букIана гьеб садакъа.

Тадбиралъул ахиралда рагIи кьуна районалъул бетIерасе ва имамасе.

- Ассаламу гIалайкум, Шамил районалъул жамагIат, ассаламу гIалайкум тIаде рачIарал гьалбал! Дица жакъа гьаб тIагъур бахъун букIана гьаниб. Дица гьеб бахъун букIана гьаб жамагIаталъе гIоло. Гьеб дица кидаго бахъизеги буго! Гьаб жамагIаталъе гIоло эхетизеги вуго дун!

Жакъа, хIакъикъаталда, гьадинаб мажлисалде хIажат рукIанищ? РукIана! Кутакалда хIажат рукIана нилъ! ГIезегIан заман букIана данделъичIого. Гьаб мажлис бихьулеб буго дида, гIемер заманалъ цIадги бачIого, пихъил гъветI лъеде хIажалъараб гIадин. Гьединанго, бакъвалеб пихъил гъотIоде лъел парччи тIураб гIадаб кири Аллагьас хъван батайги жакъа гьанир щивав гIахьаллъарасе. Гьаб мажлисалда бицарабщинаб, гIумруялда билълъанхъизабизе хIажаталги руго нилъ. Щай? Щай гурелъул, нилъеца хIисаб гьабе, гьаниб бицараб ригьин-цIаялъул, гьибат-бугьтаналъул, нилъ кин хьвадулел ругел, гьеб киналъулго нилъеца пикру гьабизе ккела. Гьаб мажлисалда бицаралда рекъонищ, ялъуни телефоназдеги руссун батIияб рахъалде инелищ ругел? Гьелдеги ургъизе ккела.

Аллагьас нилъее киназего тавпикъ кьеги лъикIабги босизе, лъикIаб гIамалалдаги хьвадизе. Жакъа нилъехъе рачIун руго хIурматиял гьалбал, Дагъистаналдаго цIар рагIарал, гIелмуги лъайги жиделъ бугел, нилъер баракат щвая гьединаб гIумруялде жал ругьунги гьарурал гьал гIалимзаби. Гьаз бицаралда гIамал гьабизе тавпикъ кьеги нилъее,- ян кIалъана МухIамад ХIасанов.

КIудияб рохелгун ва рекIее парахалъигун руссана баракатаб тадбиралдаса тIолго районалъул жамагIат. Аллагьас исламалъул бичIчIи кьураллъун рахъаги киналго.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ СПОРТ



# Ххай лъим черх щулалъизе!

**10 августалда лъималазул сахлъи щула гьабигун хIухьбахъиялъул «Радость» лагералда тIобитIана лъим ххаялъул турнир.**

Исана лъабабилеб нухалъ гьеб тIобитIана, районалда гуребги, Дагъистаналъул цоги росабигун шагьараздаги цIар рагIарав жигарчи, районалъул лъималазул хIухьбахъиялъе байбихьи жиндица лъурав Къваниса МухIамад МухIамадаминовасул цIаралда гъоркь.

Турнир гIуцIун букIана райадминистрациялъул, «Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул, «Радость» лагералъул ва АОО «Ас Патриоты» гIуцIиялъул жигараб байбихьиялда гъоркь.

Тадбир рагьулаго лъикIал кIалъаялгун цере рахъана районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазанов, «Радость» лагералъул генералияв директор МухIамад МухIамадаминов, «Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул председатель ХIажи МахIачев, гьебго гIуцIиялъул спортивияб бутIа нухда бачунев Суракъат Вагьабилов ва мугIрузда гIолилазул куратор МухIамад МухIамадаминов.



ГI. Рамазановас бицана гIолилал экстремизмгун терроралдаса ва цогидал квешлъабаздаса рикIкIалъун, спорталде цIаялъе гьадинал тадбиразул бугеб кIваралъул ва баркала кьуна турнир гIуцIиялъе лъикIал шартIал чIезаруралъухъ лагералъул нухмалъулезе.

Турниралда гIахьаллъана 32 гIолилав 17 сон базегIан саназул ва 17 сон бараздаса тIаде категориязда.

КвачI ххаялъе лъикIаб бажари бихьизабуна киналго гIахьалчагIаз, амма бергьенлъиялъул бакI щвана Гьолокьа Халидша Халидшаевасе, 2-леб бакIалде вачIана АхIмад Халидшаев-Гьолокь росу, 3-леб бакIалъе мустахIикълъана МухIамадрасул МухIамадов ва ХIажи Асадулаев – лагералъул цIаралдасан рахъарал.

Киналго бергьенлъи босаразе медалалгун кубокал ва гIарцулал шапакъатал кьуна турниралъул ахиралда.

БачIунеб гIелалъул сахлъи цIуниялде ва спорталде рокьи бижизабизе гьединал тадбираз кIудияб бакI ккола. Нилъер районалъул гIолилазе цIияблъун кколеб гьеб спорталъул тайпаялде кIвар кьей буго Аварагасул (с.гI.в.с.) хIадисаздацин бихьизабураб: «Нужеца васазда малъе лъим ххазе,чIор речIчIизе...». Лъим ххаялъулъ ругел пайдаби тохтурлъиялъул ва инсанасул чорхол гIуцIиялъул гIелмуялда хадур лъугьарал гIалимзабазги чIезабун буго.

**ТI.МУХIАМАДОВ**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Давуд Давудовасул иргадулаб бергьенлъи




**Исана 24-леб июлалдаса 2-леб августалде щвезегIан Сочи шагьаралда тIобитIана социалиял ва лъайкьеялъул идарабазул «ПроЛига.Сочи-2022» абураб ТIолгороссиялъул кIиабилеб Фестиваль. Фестивалалъул гIуцIарухъаби ккола Москва шагьаралъул «Профессиональная лига» лъайкьеялъул центр, Татарстаналъул «Центр социально-гуманитарного образования» ва мугIалимзабазул руцIеналъул «Учительство без границ» сайт.**

Фестивалалъул мурад букIана Россиялъул херетIурал мугIалимзабазул хIалбихьи цоцахъе кьей, лъай ва тарбия кьеялъулъ ругел хисабасияздаса бахIсал тIоритIи. Гьединго, Фестивалалда тIоритIана мугIалимзабазул лъай борхизабиялъул курсал ва «Дир махщелалъул бажари» абураб конкурс. Гьенир гIахьаллъана 2021-2022-леб цIалул соналъ регионалиялгун федералиял мугIалимзабазул конкурсазда бергьарал ва призераллъун рахъарал 27 педагог.

Фестивалалъул программаялда рекъон, щивав педагогас бихьизабизе кколеб букIана жидерго хIалбихьиялъул цо мастер-класс ва нухда бачине кколеб букIана рихьизарурал темабазда тIаса 2 методикаялъул семинар. Гьел церерахъиназе къимат кьолеб букIана Фестивалалъул гIахьалчагIаз ва оргкомитеталъул вакилзабаз.

Исанасеб Фестивалалда гIахьаллъи гьабуна ХIебда школалъул физикаялъул мугIалим Давуд Давудовас. Гьес Фестивалалда бихьизабуна жакъасеб къоялъ кIвар бугеблъун бугеб, гIун бачIунеб гIелалъ Интернет битIун хIалтIизабиялда тIаса гIуцIараб «Медиаобразование через медиатворчество» абураб мастер-класс. Гьелда цебехун Давуд Давудовас «Информационная безопасность-21 век» абураб ТIолгороссиялъул конкурсалда босун букIана 1-себ бакI. Сочиялъул Фестивалалъул хIасилалда рекъон, школалда классалъул нухмалъулевлъун гьечIолъиялда бан, Д.Давудовасе щвана кIиабилеб бакI.

«Исана гьаб Фестивалалъул лъабабго потокалда гIахьаллъана 32 регионалдаса 44 мугIалим. Лъабабилеб потокалда данделъун рукIана бищун цIикIкIун церетIеял ва хIалбихьи бугел 27 педагог. Нижеца кидаго кIудияб кIвар кьола Шималияб Кавказалда ва хасго ДагъистаналДа миллияб хасльи цIунун тарбия кьеялъулъ нужер мугIалимзабазул хIаракатчилъиялде. ВатIаналдехун рокьи бижизабиялъул хIалтIиги нужер республикаялда тIадегIанаб даражаялда букIин бихьулеб буго Фестивалалда Давуд Давудовас бихьизабураб махщелалъ»-ян абуна Фестивалалъул гIуцIарухъан, жюриялъул председатель , Шалва Амонашвилил ассоциациялъул мугIалим Говорская Ольга Петровналъ.

Фестивалалъул эркенаб заманалда гIахьалчагIазе гIуцIун букIана гIатIидаб культурияб ва экскурсиялъул программа. Киналго Фестивалалъул гIахьалчагIаз пикру загьир гьабуна гьединал, батIи-батIиял регионаздаса педагогазул дандеруссиназ, гьезул махщел ва лъай санайидаса санайиде дуруслъизе букIиналда.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# Регьекьдерил росдал къо

**Цебесеб анкьида Ракьуб росулъ тIобитIана росдал къо. КIиго къоялъ халатбахъараб тадбир тIобитIизе пикру ккана ва гьелъие квербакъана росдал администрациялъ, росдал гIуцIарухъабаз ва хIаракатчагIаз. КIвараб кумек гьабуна гьеб тIобитIизе росдал гIадамазги.**

Жеги цебехун гьединаб тадбир росулъ тIобитIун букIинчIо, исана тIоцебе гьабуна, ва гьанжеялдасан санайилго гьабизе нигатги буго жамагIаталъул. ГIадамазул ракIал журалеб, халкъ цоцалъ гъункизабулеб, миллияб маданияталде рокьи бижизабулеб тадбир ккана гьеб.

ТIоцебесеб къоялъ букIана лъабго ригьалда гьоркьор къецал: как базе, битIун къуръан цIализе, Аварагасул гIумруялъул бицен гьабизе лъаялъул ва миллияб квен гьабиялъулъ. Гьеб къоялъ гьаруна вагIзабиги динияб темаялда. ГIахьалчагIазе шартIлъун букIана миллияб ретIел ретIун, умумузул цIаргI ва тIагIелал цере росиги. РакI бохулеб жо букIана - росдал руччаби, лъагIелаз гьансиниса рахъуларел, умумузул шалалги чIван, росдал миллияб ретIелги ретIун, гьенире рачIин. Къаси мехалъ киналго гIахьалчагIазе “Билал” мультик бихьизабуна.

Хадусеб къоялъ Гъвеладибайданалда букIана кIиабилеб бутIа тадбиралъул. Гьениб лъикIаб хIадурлъи гьабун букIана тадбир тIобитIизе. Чуял рекеризе тIами, чIорбутI речIчIи, травматикияб яргъидасан кьвагьи, гьединго, рукIана спортивиял къецалги чанго ригьалъул бихьиназда ва руччабазда гьоркьор. Бергьаразе къиматал сайгъатал ва грамотабиги рукIана хIадурун. Къаси “Аманат”киноги бихьизабун лъугIизабуна тадбир.

МахIачхъала шагьаралдаса ва Стальское росулъаги росдал гьоркь чи хутIанин ккелареб хIалалъ росулъе жамагIат бакIарараб тадбир ккана Ракьуб росулъ Росдал къо кIодо гьаби. Хьул буго гьаб тадбир росдал тарихалдасан хъвагIан унареб гIужлъун хутIилин ва тIагIун унеб бугеб халкъияб хазина цIуниялъе квербакъулеб батилин. ГIуцIарухъабазеги кIудияб баркала, цIарккун рехсечIониги.








**РабигIат КЪУРБАНОВА, Ракьуб росу**

■ БАРКИ

## Юбилейгун!

Гьал къоязда гIумруялъул 80 сон тIубана Къваниб росдал ветераназул Советалъул председатель МухIамад Насрудиновас.

Росдал жамагIаталъе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъулаб тарбия кьеялъе, ветераназул социалияллъун рукIа-рахъиналъул шаригIат лъикIлъизариялъе, гьезул къадру-къимат борхизабиялъе росдал ветераназул Советалъ лъикIаланго хIалтIаби гьарулел руго.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, халатал сонazул гIумру, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**Кинабго дуе лъикIабщинаб гьарулев районалъул ветераназул Советалъул председатель М-Р ГIумарасхIабов.**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

# О сроках представления некоммерческими организациями отчетности

Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан (далее Управление) сообщает, что в соответствии с приказом Министерства юстиции Российской Федерации от 30.09.2021 №185 «Об установлении сроков представления некоммерческими организациями отчетности» некоммерческие организации обязаны представлять в адрес Управления документы, содержащие отчет о своей деятельности, сведения о персональном составе ее руководящих органов, а также документы, содержащие сведения о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных государств, их государственных органов, международных и иностранных организаций, иностранных граждан, лиц без гражданство либо уполномоченных ими лиц и (или) от российских юридических лиц, получающих денежные средства и иное имущество от указанных источников, не позднее 15 апреля года, следующего за отчетным.

При составлении отчетности в отношении некоммерческих организаций необходимо учитывать Федеральный закон от 1 2.01.1996 №7-ФЗ «О некоммерческих организациях» (далее - ФЗ «О некоммерческих организациях»), приказ Минюста России от 30.09.2021 №185 «Об утверждении форм отчетности некоммерческих организаций».

В соответствии с пунктом 3 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, за исключением указанных в пункте 3.1. статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях», обязаны представлять в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятельности, о персональном составе руководящих органов, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, а некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, также аудиторское заключение. При этом в документах, представляемых некоммерческими организациями, выполняющими функции иностранного агента, должны содержать все сведения о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, полученных от иностранных источников, и об их фактическом расходовании и использовании.

Некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, представляют в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятельности, о персональном составе руководящих органов и работников, один раз в полгода, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, - ежеквартально, аудиторское заключение – ежегодно.

В соответствии с пунктом 3.1. статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, предоставляют в уполномоченный орган документы, содержащие отчет о своей деятельности, о персональном составе руководящих органов и работников, один раз в полгода, документы о целях расходования денежных средств и использования иного имущества, в том числе полученных от иностранных источников, - ежеквартально, аудиторское заключение - ежегодно.

Согласно пункту 3.2 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» некоммерческие организации, за исключением указанных в пункте 3.1 настоящей статьи, обязаны ежегодно, а некоммерческие организации, выполняющие функции иностранного агента, - один раз в полгода размещать в информационно-телекоммуникационной сети “Интернет” или предоставлять средствам массовой информации, для опубликования отчет о своей деятельности и объеме сведений, представляемых в Управление.

Обращаем Ваше внимание, что согласно пункту 10 статьи 32 ФЗ «О некоммерческих организациях» неоднократное непредставление некоммерческой организацией в установленный срок сведений, предусмотренных настоящей статьей, является основанием для обращения Управления в суд с заявлением о ликвидации данной некоммерческой организации.

При составлении отчетности в отношении общественных объединений необходимо учитывать Федеральный закон о т 19.05.1995 № 82 «Об общественных объединениях» (далее — ФЗ « Об общественных объединениях»), приказ Минюста России от 30.09.202 1 №185 «Об утверждении форм отчетности некоммерческих организаций».

В соответствии с абзацем 4 части 1 статьи «Об общественных объединениях» общественные организации представляют сведения о продолжении своей деятельности с указанием действительного места нахождения действующего руководящего органа, его названия и данных о руководителях общественного объединения в объеме сведений, включаемых в Единый государственный реестр юридических лиц.

В соответствии с абзацем 8 части l статьи ФЗ «Об общественных объединениях» общественные объединения обязаны информировать федеральный орган государственной регистрации об объеме денежных средств и иного имущества, полученных от иностранных источников, которые указаны в пункте 6 статьи 2 ФЗ «О некоммерческих организациях», о целях расходования этих денежных средств и использования иного имущества и об их фактическом расходовании и использовании по форме и в сроки, которые предусмотрены приказами Минюста России от 30.09.2021 №185 «Об установлении сроков представления некоммерческими организациями отчетности» и приказом Минюста России от 30.09.2021 №185 «Об утверждении форм отчетности некоммерческих организаций».

Непредставление общественным объединением в установленный срок сведений, предусмотренных пунктом 6 статьи 2 Федерального закона «О некоммерческих организациях», является основанием для обращения органа, принявшего решение о государственной регистрации общественного объединения, в суд с заявлением о признании данного объединения прекратившим свою деятельность в качестве юридического лица и об исключении его в единого государственного реестра юридических лиц.

Следует отметить, что вне зависимости от организационно-правовой формы некоммерческой организации, деятельность которой основана в соответствии с Федеральным законом от l 1.08. 1995 №1 35- ФЗ «О благотворительной деятельности и благотворительных организациях» согласно статье 19 данного закона, благотворительные организации обязаны ежегодно представлять в Управление отчет, содержащий сведения о:

-финансово-хозяйственной деятельности, подтверждающие соблюдение требований дагшо о закона по использованию имущества и расходованию средств благотворительной организации ;

- персональном составе высшего органа управления благотворительной организации;

- составе и содержании благотворительных программ благотворительной организации (перечень и описание указанных программ);

- содержании и результатах деятельности благотворительной организации;

- нарушениях требований указанного закона, выявленных в результате проверок, проведенных налоговыми организациями, и принятых мерах по их устранению.

По результатам контроля Управлением Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан в соответствии с законодательством Российской Федерации могут быть приняты следующие меры :

- вынесение предупреждения (и несение представление);

- приостановление деятельности общественных объединений и религиозных организаций;

- возбуждение дела об административном правонарушении;

- направление в суд заявления о приостановлении деятельности политической партии и ее региональных отделений, религиозных организаций или ликвидации некоммерческой организации ;

- подготовка должностным лицом Минюста России (территориального органа) документов, предусмотренных пунктами 109-110 Административного регламента осуществления Министерством юстиции Российской Федерации государственного контроля (надзора) за соответствием деятельности некоммерческих организаций уставным целям и задачам, филиалов и представительств международных организаций, иностранных некоммерческих неправительственных организаций заявленным целям и задачам, а также за соблюдением ими законодательства Российской Федерации, утвержденный приказом Минюста России от 30.1 2.2021г . №274.

**Министерство юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана
“Щияб канлъи” ва
“БагIараб цIва”
абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета къабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул
“ГУП РГЖТ”
типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал- ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальъ кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50